Yaw ak sa doktoor

Sö xame ni am nga doomu jàngoroy SIDA ci sa deret sa doktoor mo wara nekk ki lay jox xalaat ak doxalin moom nga wara waxtannal bëss bo ko yitewo.

Ñenn ci doktor yi seni doxalin ci paj mi daffa meti ,ñenenn yi ño gënë ubbe ku ci seni paj mën ñañe la bayi ngay jël tamit nga jëfa ndiko yenenn xeetu garab (lu méné sugguf aki réen).

Am na solo nga am doktor bo deggol.degërël sa diggënte ak sa doktor daffa lacc téey giir nga néexo ak sa doktor bokk nacci ngay jël sa garab ni nga wara jële,bumu am wolute ci yaw.

Sa doktoor gi gën

Danga wara woolu sa doktoor mo wara nekk nit ki lay dëglu ki lay te dila diggël. Am na solo sa doktoor am xaalat ak nekk ku ubbeeku,war na xam tamit nan ngay dunde, maladde gu nekk war na am doktoor gu dëggu, dila lacc bu nekke am na llu ka leerul.

Maladde gi gën

Mooy kiy goorgoorlu ci fajam . Mooy kiy jemë xam yan garab ño bax ci moom wala deet. Mooy tamit kiy bayi lepp ci loxo doktoor.

Soy gissi sa doktoor nga xam lan nga ko wara lacc ndax am lula leer. Da nga wara it bind lepp ndax bo jakkar lo ak sa doktoor do fatte li nga bëggon na lacc. Da nga wara xam ne mën nga dem fi ngay pajo bañ fa féek sa doktoor.

Sa waal ak sa loxo si sam paj

Si sam paj du ñakk ni dina am ay guiss guiss yi nga xam ni do ci and ak sa doktoor. Lolu bu ame, da nga wara set foy jaar ba wax ko sa xalaat. So deme ba mëno deggo ak sa doktoor mën nga guiss benenn maladde mu xetali langa wax ak moom,bu deme ba-lolu lepp def ngoko te dara doxul, mën nga ñaxtu bind bataxal directëru fi ngay pajo wala nga woote ci gTt 93 458 26 41, CESIDA 902 36 28 25 ak Red2002 93 458 49 60 mën nga wecce doktoor.

Nekk na lu am solo nga wax sa doktoor lu melni sey ak kenn. Ngay sangara wala jëfandiko sinebar ndax nekka nañ lula mën a gañ.li lepp day tax sa doktoor mënë xam nan ak naka la wara def ak yaw ci sam paj. am na solo ngay degën te ak sa doktoor, mën ko def ak telefon,so ame daje ak moom wala mail (internet). da nga wara xam kepp ku nekk fi ngay pajo laan moy ligeeyam giir xam kan mola mënë ndimbël wala jox lo soxla.

Sa doktoor dafa wara xam sa lepp manam ni ngay pajo ak ni ngay dunde.

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
e-mail: contact@gtt-vih.org
website: www.gtt-vih.org
Barcelona (España)

POR FAVOR, FOTOCÓPIALO Y HAZLO CIRCULAR

Subvencionado por: Gobierno de España, Ministerio de Sanidad y Política Social — Secretaría del Plan Nacional sobre el Sida
Generalitat de Catalunya, Departament de Salut — Pla Director d'Immigració
Ajuntament de Barcelona — Àrea d'Acció Social y Ciutadania

Colaboran: ETIS, Tropical Drassanes